

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Luyu jeung tujuan nu hayang dihontal, ieu panalungtikan téh miboga tujuan nya éta ngadéskrripsikeun ajén falasapah jeung tata ruang dina arsitéktur imah adat Kampung Pulo Kecamatan Leles Kabupatén Garut. Sabada ngayakeun obsérvasi di lapangan, ngumpulkeun data, ahirna panyusun tepi kana kacindekan

Tina hasil analisis data, katitén loba hal penting anu kapaluruh ngeunaan ajén falsapah anu nyampak dina unggal imah nu aya di Kampung Pulo. Hal ieu katitén dina *kosmologi* imahna nu ngawengku rohangan, pungsina rohangan, sipat rohangan, jeung oriéntasi rohangan.

Hareup imah mangrupa daérah kakawasaan lalaki sabab, di ieu rohangan sagala pagawéan lalaki dipigawé, sémah ti luar ogé biasana ditarima di ieu rohangan. Hareup imah mangrupa simbol daérah “garing”.

Tengah imah mangrupa bates (*Axis mundi*) antara daérah kakawasaan lalaki (hareup, kénca imah) jeung daérah kakawasaan awéwé (tukang, katuhu imah). Sipat rohangan tengah nya éta *semipublik* hartina umum sabab rohangan ieu sok dipaké pikeun acara-acara hajatan saperti, sukuran, sunatan, *perkawinan* jeung lain ti éta

Tukang imah mangrupa daérah kakawasaan awéwé, pangpangna rohangan goah. Goah nya éta tempat nyimpen paré. Lalaki pantrang asup ka ieu rohangan sabab goah pikeun masarakat Sunda dianalogikeun salaku “Dewi Sri”.

Sanggeus niténan data-data di luhur bisa dicindekeun yén imah adat Kampung Pulo Desa Cangkang Kecamatan Leles Kabupaten Garut téh mibanda ajén falsapah, pon kitu dina tata ruangna.



5.2. Saran

Ajén falsapah nu nyampak dina unggal wangunan Sunda téh mangrupa titilar karuhun urang. Ku kituna kudu aya tarékah ti masarakat sangkan bisa ngamumulé ajén falsapah dina unggal wangunan Sunda jeung ngalarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Ka pihak sakola, guru dipiharep bisa ngawanohkeun ka siswa ajén falsapah nu nyampak dina unggal wangunan imah urang Sunda.

Dina ieu panalungtikan masih loba kénéh kakuranganana, nu nyusun mung maluruh/ngaidentifikasi sabagéan tina imah adat nu aya di Kampung Pulo. Ku kituna, dipiharep aya pihak séjén nu ngalakukeun panalungtikan nu leuwih akurat jeung bener-bener.

